



## Lis Verifikasyon pou Pèmi pou Atelye Mekanik

- 1. Pèmi Okipasyon:** Li di kisa yo dwe itilize nan yon bilding ak fason pou yo itilize l. Se Depatman Sèvis Enspeksyon ki nan 1010 Massachusetts Ave. Ki bay li 5yèm Etaj Boston MA 02118
- 2. Lisans pou Estoke Pwodui ki ka Pran Dife Depatman Ponpye Boston:** Li obligatwa pou genyen l pou kapab estoke pwodui ki ka pran dife anndan yon bilding (*ou dwe renouvle l chak ane*). 1010 Massachusetts Ave, 4yèm Etaj. 1-617-343 • www.boston.gov
- 3. Pèmi Depatman Ponpye bay Chak Ane:** Pèmi obligatwa pou poubèl, lanp, boutèy espre penti, kabin ki gen penti (*ou dwe renouvle l chak ane*).
- 4. Inite ki Bay Lisans nan Polis Boston:** Lisans Tip 2 pou vann machin, 1 Schroeder Plaza, Boston Ma. 02120 (1-617-343-4425)
- 5. Pèmi pou Itilize Lokal yo:** Li pèmèt yon moun itilize yon espas ki deyò, yon espas ki sou yon teren. Pa egzanp vann oswa estoke machin ak konntenè pou estokaj
- 6. Asirans pou Aksidan nan Travay:** Tout konpayi k ap fonksyone Massachusetts dwe pran yon asirans pou aksidan travay pou anplwaye yo ak pou yo, si yo se anplwaye konpayi yo a, gen kèk egzepasyon ki ka aplike. (*Ou dwe renouvle l chak ane.*)1-800-323-3249 X470
- 7. Lisan pou Pwòpte sou Sit la** Li obligatwa pou tout biznis k ap itilize gwo konntenè pou ranmase fatra genyen l, yo dwe aplike nan Sèvis Enspeksyon pou yo jwenn yon lisans. (*ou dwe renouvle l chak ane*)
- 8. Sètifika Biznis** Tout biznis yo gen obligasyon pou gen yon Sètifika Biznis, ki soti nan Biwo 601 Grefye Vil la, 1 City Hall Square, Boston MA 02201. 617-635-4600 (*li renouvle chak 4 lane*)
- 9. Lisans Sèvis Enspeksyon Machin:** Tout biznis ki gen rapò ak machin gen obligasyon pou gen lisans sa a pou yo fonksyone (*ou dwe renouvle l chak ane.*)
- 10. Atelye ki Anrejistre:** Tout atelye pou reparasyon machin ak vit dwe anrejistre nan Divizyon pou Estanda Massachusetts (Massachusetts Division of Standards) (1-617-727-3480 (*ou dwe renouvle chak 4 lane*))

**\*Si w pa rive jwenn oswa renouvle lisans oswa pèmi sa yo li ka afekte dwa ou genyen pou fonksyone.**

(Haitian Creole)

